



Plede pou yon Rejè oswa yon Rediksyon Pèn nan "Enterè Lajistis"

Kisa Lalwa Di:

Pou ka ki jije nan Divizyon Odyans OATH la, lè yon moun "An vyolasyon" yon lwa, yon règ, oswa yon règleman, se lalwa ki fikse pèn pou yo bay la. Sepandan, nan kèk ka, yon moun ka plede pou yon rediksyon nan pèn nan "enterè lajistis", menm si yo jwenn moun nan "an vyolasyon" lalwa, règ oswa règleman yo akize a.

Dapre lalwa Vil Nouyòk la, lè yo prezante yon agiman "Enterè Lajistis" ki apwopriye, yon Ajan Odyans ka deside aksepte agiman an si li (1) kwè ke yon pèn redui apwopriye ki **baze sou youn oswa plizyè konsiderasyon oswa sikonstans ki** (2) "**montre klèman**" ke enpoze yon pèn konplè "**ta konstitye oswa lakòz enjistis.**" **Nòt:** Menm si ou **admèt** yon akizasyon, yon Ajan Odyans ka konsidere si pèn lalwa fikse a apwopriye.

Kilè yo ka fè agiman an:

Agiman "Enterè Jistis" la **ap limite a SÈLMAN ka swivan yo:**

1. Nan ka kote Sèvis Kominotè a se yon pèn potansyèl;
2. Nan majorite ka, men pa tout, ka Komisyon Taksi ak Limouzin ("TLC") te vini ak yo.

Nan Ka "Sèvis Kominotè":

Nan ka kote sèvis kominotè a se yon pèn potansyèl, ou gen opsyon pou plede pou yo rejte konvokasyon pou konparèt nan "Enterè Lajistis."

Nan Sèten Ka TLC yo:

Ou gen opsyon pou plede pou yon **rediksyon** nan pèn a nan "Enterè Lajistis."

Kijan Pou Diskite Sou "Enterè Lajistis":

Ou ka sòlve agiman an ak Ajan Odyans lan nan odyans ou an. Lè yo prezante agiman an nan yon ka ki apwopriye, Ajans Odyans lan ap konsidere faktè sa yo:

- Gravite ak sikonstans vyolasyon swadizan yo;
- Enpòtans domaj ki koze pa vyolasyon swadizan an(yo);
- Prèy ki sipòte oswa ki opoze vyolasyon swadizan an(yo);
- Istwa, karaktè, ak kondisyon moun ki akize de swadizan vyolasyon an(yo);
- Objektif ak efè enpoze pèn lan sou moun ki akize de swadizan vyolasyon an;
- Enpak yon revokasyon oswa yon rediksyon nan penalite sou sekirite oswa byennèt kominote a;
- Enpak yon rejè oswa yon rediksyon pèn sou konfyans piblik la nan ajans ki te bay sitasyon an (pou ka TLC), nan sistèm tribinal la, ak nan aplikasyon lalwa yo;
- Pozisyon ajans lan (NYPD, TLC, elatriye) ki te bay sitasyon an sou yon pwopozisyon pou rejte ka a oswa pou diminye amann nan, ak referans a (1) sikonstans espesifik Defandan an ak (2) vyolasyon yo akize l pou li a.
- Nenpòt lòt enfòmasyon enpòtan ki endike si yon desizyon pou enpoze pèn lan (pou ka TLC) oswa pou konfime vyolasyon an ta sèvi yon objektif itil.

Atansyon: Si yo akòde w yon rediksyon nan pèn ou an oswa yon rejè nan "Enterè Lajistis" *sa pa vle di ka a fini*. Si ka w la se youn nan kote sèvis kominotè a se yon pèn potansyèl, ajans ki fè respekte lalwa ki te bay sitasyon an gen 35 jou apati dat desizyon Ajans Odyans lan pou fè apèl kont yon rejè "Enterè Lajistis". Si ka w la se yon zafè TLC, TLC gen 20 jou swa pou konfime rediksyon pèn "Enterè Lajistis" la, oswa ogmante pèn lan jiska montan "amann minimòm" ki endike devan sitasyon an.

Si ou Bezwen Plis Èd, Tanpri Kontakte OATH Help Center An Pèsòn Nan Nenpòt Lokal OATH, depi nan Lendi rive nan Vandredi, Apati de 8am pou 5pm, Pa Telefòn Nan (212) 436-0845, Oswa Pa Imèl Nan Manhelpcenter@oath.nyc.gov.

Bronx
260 E.161st Street, 6th FL
Bronx, NY 10451

Brooklyn
9 Bond Street, 7th FL
Brooklyn, NY 11201

Manhattan
66 John Street, 10th FL
New York, NY 10038

Queens
31-00 47th Avenue, 3rd FL
Long Island City, NY 11101

Staten Island
350 St. Marks Place, Main FL
Staten Island, NY 10301